



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ASISTANS POU PWOLONJMAN NAN VOYE  
DEKLARASYON TAKS FAS AK DELÈ MINUI ASWÈ A**

***Depatman Fiskalite Eta New York Ofri Èdtan Sipleman tè nan Sant Apèl la ak  
Resous Anliy pou Ede Nouyòkè Voye yon Deklarasyon Taks Egzak epi  
Atan Aswè a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwolonjman asistans pou kontribyab New York yo ki pat ko soumèt deklarasyon taks pèsonel sou revni yo fas ak delè minui aswè a pou voye deklarasyon taks la. Repezantan Depatman Fiskalite yo (Tax Department) pral disponib jiska 7:00 PM EDT jodi a pou reponn kesyon dènnye minit yo sou deklarasyon. Yo ka jwenn repezantan yo nan 518-457-5181. Konsèy ak resous yo, gen ladan l respons ak kesyon komen yo, disponib tou sou [sitwèb](#) Depatman Fiskalite a pou ede kontribyab yo elektwonikman prepare epi voye deklarasyon egzak.

"Nou konprann Nouyòkè yo okipe se pou sa nou pwolonje asistans pou delarasyon taks pou ede kontribyab yo tandiske delè pou voye a ap apwoche", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ankouraje kèlkeswa moun ki pat soumèt deklarasyon revni sou taks yo pou pwofite sèvis pwolonje yo pou asire taks pa yo fèt atan epi yon fason egzak."

**Voye deklarasyon anliy gratis:** Kontribyab yo ki gen revni brit kay yo nan 66,000 dola oswa mwens nan 2018 kapab aksede gratis, lojisye ki fasil pou itilize apati entènèt, telefòn entèlijan, oswa tablèt nan [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov) (chèche: "Free File" [voye deklarasyon gratis]). Ane pase, plis pase 155,000 kontribyab te pwofite opsyon pou voye deklarasyon gratis yo ki disponib sou sitwèb Depatman Fiskalite a. Lojisye pou preparasyon taks yo ede anpeche erè yo ki kapab lakòz reta yo nan tretman ak nan ranbousman, epi ede pou asire reklamasyon fèt pou kredi ki potansyèlman valab yo.

**Verifye Ranbousman ou anliy:** Si ou anvii anpil pou jwenn enfòmasyon sou reklamasyon ou pou yon ranbousman sou taks, itilize aplikasyon *Check your refund status!* (Verifye estati ranbousman ou) sou sitwèb Depatman Fiskalite Eta New York la nan: [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov) (chèche: "Refund" [ranbousman]). Se fason ki pi fasil epi ki pi konfòtab pou jwenn enfòmasyon sou ki lè pou atann ak ranbousman. Ou pral bezwen antre montan ranbousman ou ap reklame a, nimewo Sekirite Sosyal ou, epi kilès fòm ou te ranpli a.

**Mande yon Ekstansyon Otomatik sou lè pou voye aplikasyon:** Ou ka jwenn yon ekstansyon otomatik pou voye aplikasyon si ou pa kapab soumèt yon deklarasyon taks sou revni nan delè aswè a. Yon ekstansyon pral bay plis tan pou soumèt deklarasyon ou an, men pa plis tan pou peye nenpòt taks ou dwe. Ou dwe fè [peman konplè](#) balans taks korèk estimatif ou dwe a lè ou ap mande yon ekstansyon pou voye yon

deklarasyon. Deklarasyon taks sou revni pèsonèl yo voye ak ekstansyon yo dwe ale madi 15 Oktòb 2019, oswa avan.

**Kominike Dirèkteman ak Depatman Fiskalite a:** Si ou resevwa yon lèt ki mande pou ou bay dokiman pou sipòte enfòmasyon ou mete nan deklarasyon ou an, sa pa vle di ke ou te fè yon bagay ki mal. Se youn nan plizyè etap Depatman Fiskalite a pran pou l asire ke deklarasyon ak ranbousman taks yo reklame yo egzak. Objektif la se pou mete fren nan deklarasyon ak reklamasyon ranbousman yo doute yo, men se pa pou yo retade ranbousman yo dwe a.

**Aksede ak Kont Sèvis Anliy ou:** Paj sa a (chèche: "account" [kont]) sou sitwèb Depatman Fiskalite Eta New York [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov), bay pozisyon santral pou wè detay yo sou kont taks ou. Ou ka wè peman davans pou kapab rapòte yo sou deklarasyon taks ou lè ou ap voye aplikasyon, gen ladan l tou peman sou taks estimatif yo ki fèt pandan tout ane a oswa nenpòt peman ki fèt avèk peryòd ekstansyon ou an pou voye deklarasyon.

**Peye sa ou dwe:** Si ou dwe taks, ou ka peye dirèkteman apati kont bank yo oswa ak kat debi oswa kredi atravè kont Sèvis Anliy ou an. Si ou pa ka peye sa ou dwe yon sèl kou, soumèt deklarasyon konplè taks ou nan delè 15 Avril la pou evite penalite yo, peye sa ou ka sipòte konye a pou redui enterè epi mande yon Akò pou Vèsman sou Peman (Installment Payment Agreement, IPA). Yon IPA se opsyon peman Depatman Fiskalite a ki pi konfòtab ak popilè pou gwo dèt sou taks.

**Pwofite Peyè Vit:** Moun ki ka peye yon sèl kou yo kapab reponn ak bil oswa dèt sou taks yo dirèkteman apati kont bank yo. Nou ka aksede ak aplikasyon anliy yo (chèche: "Quick Pay" [Peyè Vit]) sou sitwèb Depatman Fiskalite Eta New York a nan: [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov) apati òdinatè lakay yo, oswa yon telefòn entèlijan, oswa lòt aparèy mobil.

**Vizite Sant Repons Kontribyab Lan:** Ou ka jwenn respons ak kesyon komen sou taks yo lè ou chèche baz done Kesyon yo Poze Souvan yo (Frequently Asked Questions, FAQ). Klike "Answer Center" (Sant Repons) anba nan [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov).

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)